Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 27 (7531)
30 июнь
Хамиз
2022 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

Данделъи

## Аслиял суалалгун



Гьал къоязда администрациялда районалда гьарулел хIалтIабазда хурхун данделъи тIобитIана ГI. НурмухIамадовас. Гьенир гIахьаллъана бетIерасул зам. Хъ-М. ГIабдулхаликъов, финансовияб отделалъул нач. Ж. Шамсудинов, экономикияб отделалъул нач. М. ГIадуев, «Служба земельно-кадастровых и общественных отношений» МКУялъул нач. М. МухIастанов ва цогидалги.

Данделъиялда суал хъатIана Цогояб информационнниияб системаялда, гьелъул хIалтIи лъикIлъизабиялда (ЕГИССО). Гьеб системаялъул аслияб масъала ккола гIадамазеги властаlъеги социалияб кумек гьабиялъул рахъалъ информация жиндир заманалда къватIибе кьей. ГьабсагIаталда гьеб рахъалъ нилъер муниципалитеталда хIаракатаб хIалтIи гьабулеби буго.

Гьединго бицана муниципалитеталда «Наполнение Единого государственного реестра недвижимости необходимыми сведениями» проекталда рекъон «дорожной карты» тадбир гIумроялде бахъинабиялъул, «Служба земельно-кадастровых и общественных отношений» МКУялъул нухмалъулев М. МухIастановас тIадчIей гьабуна гьабсагIаталда Унсоколо район бугин «гIурччинаб зонаялда» цере лъурал масъалаби тIуразарулеб ишалда: Росреестралде росун ругин 250 недвижимосталъул объект,-абун.

Данделъиялъул хIасилалги гьарун бетIерас гьоркьор лъурал суалазда рекъон жавабизе тIадкъаял кьуна.

ДандчIвай

## Прокурорги росабазул бутIрулги дандчIвана



Дагъал церегIан къоязда районалъул прокуратураялъул минаялъуб букIана прокурор ГIабдурагьим Маликовасулги росабазул бутIрузулги дандчIвай. Гьенир дандрана росабазул гIумруялда рарал гIемерал батIи-батIиял суалал. Тема хъатIана росабалъ хIалтIулел гьоркьохъеб ва гIиси-бикьинаб бича-хисиялда, мусор баччиялда, муниципалияб сайтал хIалтIизариялъул ва гIемерал цогидалги рахъазда.

ГI. Маликовас тIадчIей гьабуна ва бутIрул ахIана рагьарал гара-чIвариязде. Гьединго бутIруз тIадчIей гьабуна тIаде къабул гьарулеб къо чIезабуни лъикIилан.

## Баркула гьавураб Къо!

**(Гьал къоязда живго гьавураб къо кIодо гьабулеб буго Россиялъул ва пачалихъалъул общественнияв хIаракатчи, РФялъул VIII аб. нухалъ ахIараб Федералияб Собраниялъул «Россия» партиялъул Пачалихъияб Думаялде депутат Х. М. Абакаровас).**



ХIурматияб Хизри МухIамадович!

Унсоколо районалъул администрациялъул, районалъул депутатазул Собраниялъул, муниципалитеталъул жамгIияб палатаялъул ва дирго рахъалдасан ракI-ракIалъ баркула Дуда Дур Къо!

Дурго захIматалъул саназда Дуца чIахIиял бергьенлъаби росана регионалъул социалиябгун экономикияб потенциал щулалъизабиялъулъ, гьелъ гIемерго борхана Дур къадру-къимат ва бажарана ракьцоязул хIурмат-адаб дудехунго бачIинабизе.

Ахирисел гIемерал саназ Мун гIадамазда лъала тIадегIанаб кIваралъул нухмалъулев хIисабалда, дулъ буго жавабчилъи, цIиял идеял ва хIукмаби жигаралда гIумроялде рахъинариялъе бажари ва хадубккунги дагъистаниязул гIумро лъикIаб рахъалдехун хисизабиялъе цIиял, лъикIабщинаб гьорлъ бугел планал.

Божарав вуго Дур тIадегIанаб бажари букIиналъ, бечедаб хIалбихьиялъ, гIумроялъул хIаракатаб позициялъ, иш данде ккезабун бажариялъ кумек гьабилин нилъер республика цебетIеялъе,-абун.

Гьарула Дуе ва Дур гIагаразе щулиб сахлъи, талихI, рекъел ва лъикIлъи. Биччанте Дур хIалтIуе, Дур планазе ва хIаракаталъе кидаго битI ккезе!

**ХIурматгун Унсоколо районалъул бетIер**
**ГI. НУРМУХIАМАДОВ.**

## Къокъго

Араб соналда Хизри МухIамадович нилъер гьаниб букIараб роха-хинлъиялъул тадбиралъулъ гьоболлъухъ вугеб мехалъ ва ТIолгороссиялъул трейловияб рекери Рихьунибе щвараб мехалъги, цогидал тадбираздаги нилъер Алжаналъулаб ракьалда гьоболлъухъ вукIана Хизри Абакаров. Щибаб нухалъ гьесие кIудияб асар гьабула нилъер тIабигIаталъул берцинлъиялъ, нилъер гIадамазул хIалимлъиялъ, бакIалъул жибго-жиндаго чIараб гьайбатаб хаслъиялъ. Х. Абакаровас гьалда абула Алжаналъул букIонилан.

Гьес ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна пандемиялъул заманаялъ «багIараб зонаялда» хIалтIаразе, жиндиего бугеб хIинкъиялъухъ балагьичIого аскIов чIана нилъеда. Гьесул кверзукъан коронавирусалъул инфекциягун къеркьеялъул заманаялъ ишалъул бугеб тIадегIанаб махщалие гIоло, врачасулаб налъи ракI-ракIалъ тIубазабуралъухъ РФялъул Президент В. Путинил Баркала гьеб къоялъ щвана Унсоколо ЦРБялъул врач АхIмадова Аминат МухIамадгIалиевналъе ва медсестра ХанмухIамадова ГIазраъ ГIабдурахIмановналъеги.

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 27 (75231)
Хамиз
30 июнь 2022 сон

2 гьумер

28 июналда Дагъистан республикаялъул БетIерасул Советалъул данделъиялда шагьарал ва архитектура цебетIезабиялда хурхун бихьизабуна территориалияб планированиялъул документал хIадуризе. Гьелда хурхун Дагъистаналъул Минстроялъ планал гьаризе ккола гIадамал жанир чIолел, коммерческиялгун социалиял ва цогидалги минаби республикаялда раялъе.



I94I соналъул 22 июнь

# Рагъул балагь бачIараб къо



КIудияб ВатIанияб рагъ байбихьиялъ пашманлъи, къварилъи загьир гьабураб тадбир тIобитIана 22 июналда районалъул администрациялъул майданалда. Гьеб къоялъ цебеккун рагъги лъазабичIого, нахъегIанаб куцалда гIолохъанаб Советияб улкалде тIаде кIанцIана гитлерилаб фашизм. Рагьана цIияб, бищунго ахIвал-хIал хIалуцараб ва балагьаб гьумер нилъер улкаялъул тарихалда жаниб.

Гьелда хурхараб тадбир бачана культураялъул отделалъул нач. ГI. ГIабдулаевас. Гьес бихьизабуна рагъул балагьалги нахъчIвалаго щванин нилъее бетIаралда тIад ракълилаб зоб ,-абун.

Данде ракIарараздa цеве кIалъарав района лъул бетIер ГI. НурмухIамадовас бихьизабуна нилъер щивас бичIчIун къимат кьезе кколин нилъер бергьенлиъялъе, нилъер умумазул гвангъараб гIумроялъе гIоло гьабураб къеркьей гIолеб гIелалда кIочене бегьуларин. «Нилъер районалдаса рагъде аразул бащадалги тIад руссинчIо, гьединлъидал рагъул кьогIлъи кIочене нилъер ихтиярги гьечIо»,-абун.

-ЦIакъго гьеб къоялъ кIочене бегьуларо Украиналда нилъер улкаялъ тIобитIулеб хасаб рагъулаб операция рес къотIиялъ гьабулеб букIин. Жидерго гIумроялъе бугеб хIинкъиги кIочон улкаялъул интересал цIунулел руго нилъер рагъухъабаз. Гьезул бахIарчилъи кIоченеги нилъер ихтияр гьечIо.

Жакъа къоялде нилъер рагъул ветеранал цIакъго дагьал гурони хутIун гьечIо. Гьезие ва районалъул гIадамазе щулияб сахлъиги халатаб гIумро, талихI гьарун кIалъана районалъул депутатазул Собраниялъул председатель М. Юсупов. КIудияб ВатIанияб рагъул хIакъалъулъ кучIдул цIалана Шамильхъалаялъул школалъул цIалдохъаби Х. Нуцалхановалъ ва С. ГIабдулаевас.

Тадбиралъул ахиралда данделъараз Украиналъул рагъда гIахьаллъулезе дугIа гьабуна.

# ЕИСалъул хIалтIул бицана

23 июналда букIана районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасулги Цогояб информационнияб хъулухъалъул хIалтIухъабазулги дандчIвай. Гьениб бицана районалда унел хIалтIабазда ва лъугьа-бахъиназда хурхун информациялъулаб хIалтIи гIуцIизе кколеб куцалъул. БетIерас бихьизабуна СМИялъ гьоркьоре рачине кколин администрациялъул хIалтIул киналго кIвар бугел рахъал,



хъвараб материал букIине кколин интересаб, кIвар бугеб ва гIадамазе пайдаяб.

Гьединго дандчIваялъул гIахьалчагIаз кIвар буссинабуна районалда информационнияб хIалтIи гIуцIулаго кIвар кьезе лъикIал рахъазде.

Семинар

# Нагагьаб балагьалдаса цIуниялъе



27 июналда районалде хIалтIулаб сапаргун вачIун вукIана Дагъистаналъул МЧСалъул надзорнияб ишалъул отделалъул нач. ГIалихIайдар Гужаев. Гьес муниципалитеталъул росабазул бутIрул ва цо-цо учреждениял-организациязул нухмалъулелги гIахьал гьарун семинар-совешание гьабуна нагагьаб балагьалдаса цIуниялъул мурадалда. Гьеб тIибитIиялъе кумек гьабуна бетIерасул зам. М. ХIамзатовас, районалъул Собраниялъул пред. М. Юсуповас, районалда бугеб ГО ЧСалъул цIа ккеялдаса цIуниялъул ишалъул вакил М. ГIабдулаевасги.

Къойил темаялда букIана балагьал ишаздаса районалъул территория ва гIадамал цIуниялъул суал. «Жакъа гьаб буго кIвар бугел темабазул цояб. Халат рахъун ралел цIадаз захIмалъаби ккезаризе бегьула росабазул нухазе ва риидал заманаялъ цIа ккеялъул балагьал цIикIкIарал рукIине, гьелъ балагьал иш ккезе рес буго»,-ян бихьизабуна М. ХIамзатовас.

Балагьал ишал ккани, гьеб нахъчIваялъе щиб гьабилебали бицана ва гьелъие бугеб планалъулгун гIахьаллъаразул лъай-хъвай гьабуна ГI. ХI. ХIажиевичас. Гьес бицана ЧС щиб кколебали ва кинал хIасилал гьелъул рукIунелали. «Балагьал ишал ккани босизе цебеккунго хIадурго рукIине кколa х1ажатал алатал, гьел рук1ине ккола жибго администрациялдаги, росабазул администрациябаздаги, хас гьарун лъай кьеялъул учреждениязда ва цогидалги организациязда ги. Гьелъие чIезабун букIине ккола материалиябгун финансовияб резерв, ай чIезабун букIине ккола балагьаб иш ккани хIажалъулебщинаб жо»,-ян тIадчIей гьабуна гьес.

Гьединго бицана балагьал ишал ккани кьолел выплабазул, гьел кьолел къагIидабазул. Гьеб гуребги А. Гужаевас кIвар буссинабуна ЧСалъул ишазе цIализе ккеялъул, гьелъие щивав нухмалъулев ва жавабияв цIализе ккола щуго сонида жаниб цо нухалъ. ХIажат буго районалъул территориялда цIалулгун-консультациялъул пункттал рагьизе. Балагьал ишал ккеялдаса цIуниялъе щибаб росулъ гIуцIун букIине ккола хасаб комиссия.

Данделъиялъул ахиралда ГI. ХIажиевичас баян кьуна росабазул бутIрузул рижарал суалазе. ДандчIвай ана чIагояб гара-чIвари гIадин.

Ахиралда районалде буссинабураб кIваралъухъ М. ХIамзатовас баркала загьир гьабуна ЧСалъул нухмалъулесе.

# Аппараталъулаб данделъи



28 июналда букIараб районалъул администрациялъул аппараталъулаб данделъиялда бетIер ГI. НурмухIамадовас кIвар буссинабуна муниципалитеталъул территориялда риидалил заманалда рачIарал туристазе хIинкъи гьечIолъи букIинабиялде.

Хадуб данделъиялда суал хъатIана барщулеб бугеб ахбазаналда. «Ахбазан ккола хьиндалазул ахазул бачIиналъул бищун аслияблъун. ТIубараб лъагIалицаго гьеб бачIиналъухъ балагьун чIун рукIуна гьанир»,-ян тIадчIей гьабуна хадубги бетIерас.

Гьединго бицен ккана гIагарал къоязда районалда рукIине ругел культуриял тадбиразул.

Данделъиялда аслияб кIвар буссинабуна тIад хъаравуллъи бугел тIадкъаял тIуран ругел куцазде. Бицана федералиял программаби тIуралел ругеб куцалъул, налогал рачIинариялъул, Шамильхъала поселокалъул «Солнышко» МКДОУялда ремонт унеб бугеб куцалъул, ЕГРН цIезабиялъул ва цогидалъулги.

Ахихъан
Районалъул газета
№ 27 (7531)
Хамиз
30 июнь 2022 сон

3 гъумер

Садовод

Страница в номере

# Прокуратура разъясняет

Сеть Интернет, являясь крупнейшим средством обмена информацией, в то же время порождает возможность осуществления противоправных деяний, связанных с использованием информационных технологий.

В последнее время число преступлений, совершаемых с использованием современных информационно-телекоммуникационных технологий, возрастает. Новые технологии все чаще выступают средством совершения самого широкого круга преступлений. Наиболее распространены хищения денежных средств, мошенничества, кражи с банковского счета и иные преступления. Не исключаются также факты коррупции, вымогательств, вовлечения несовершеннолетних в различные категории преступлений и многое другое.

Памятка для граждан:

Чтобы не оказаться жертвой мошенников необходимо знать следующее:

– сотрудники любого банка никогда не просят сообщить данные вашей карты (номер карты, срок её действия, секретный код на оборотной стороне карты), так как у них однозначно имеются ваши данные;

– не при каких обстоятельствах не сообщать данные вашей банковской карты, а так же секретный код на оборотной стороне карты;

– хранить пин-код отдельно от карты, ни в коем случае не писать пин-код на самой банковской карте;

– не сообщать пин-код третьим лицам;

– остерегаться «телефонных» мошенников, которые пытаются ввести вас в заблуждение;

– лучше избегать телефонных разговоров с подозрительными людьми, которые представляются сотрудниками банка, не бойтесь прервать разговор, просто кладите трубку;

– внимательно читайте СМС сообщения приходящие от банка;

– никогда и никому не сообщайте пароли, и секретные коды, которые приходят вам в СМС сообщении от банка;

– помните, что только мошенники спрашивают секретные пароли, которые приходят к вам в СМС сообщении от банка;

– сотрудники банка никогда не попросят вас пройти к банкомату;

– если вас попросили пройти с банковской картой к банкомату, то это очевидно мошенники.

# Внимание!




Уважаемые жители Унцукульского района, а также гости и туристы!

Предупреждаем Вас о том, что въезд на Харачинскую смотровую площадку временно запрещен!

Ведутся ремонтные работы!

**С уважением, администрация МО села «Харачи».**

# Обращение главы Унцукульского района И. Нурмагомедова к 225 - летию Имама Шамиля



26 июня 2022 года исполняется 225 года со дня рождения имама Шамиля- выдающегося руководителя борьбы за свободу горских народов Кавказа.

Отрадно, что всех нас объединяет желание поучаствовать в праздновании даты рождения выдающегося героя Кавказа, отдавая дань уважения великому имаму Дагестана и Чечни и этому празднику.

Унцукульский район как Родина имама Шамиля занимает особое место в этом празднике. Каждый житель нашего района участвует в осуществлении мероприятий в честь великого предка. Так во всех школах, библиотеках прошли мероприятия, приуроченные Дню рождения великого полководца. Были организованы различные флэшмобы, соревнования по разным видам спорта, осуществлено немалое количество публикаций в печатных и электронных СМИ района повествующих о Великом имаме.

Это все говорит об одном - каждый из насчтит традиции и бережно относится к памяти предков, трепетно исполняя их заветы, а что самое главное - каждый из нас может гордиться богатой историей своего родного края.

Мы должны знать свою историю, чтоб идти и развиваться дальше. Мы должны помнить своих героев, чтоб равняться на них, брать с них пример. Мы должны помнить войны и героев павших на них, для того чтоб строить Мир. Мы должны знать и передавать праздники, обычаи, традиции из поколения в поколение, чтоб жизнь наша и наших детей была доброй, и наполненной счастьем!

Проходят годы, меняются времена, но, несмотря ни на что, мы стараемся сохранить те добрые традиции, которые были у наших предков – культурные и нравственные ценности, оптимизм, любовь к своей земле и родному селу.

В этот день хочу пожелать всем долгих лет жизни, доброго здоровья, бодрости. Старшему поколению оставаться активными, делиться с молодыми своим богатым жизненным опытом. Ведь будущее есть там, где помнят своих предков, уважают старших, где на лучших традициях воспитывают детей.

А молодым - продолжать былую славу Ваших дедов и отцов.

**Глава администрации МО «Унцукульский район» И. М. Нурмагомедов.**

# Извещение о проведении собрания о согласовании местоположения границы земельного участка

Кадастровый инженером _Абдулатипов Тимур Абдурахманович_

***(фамилия, имя, отчество, почтовый адрес)***

РФ, Республика Дагестан, г. Буйнакск, ул. Чкалова, дом 18, кв. 4 abduIatipov 1975@maiI/ru. +796040995757

_(адрес электронной почты, контактный тел. № регистрации лиц, осуществляющих кадастровую деятельность)_

Выполняются кадастровые работы в отношении земельного участка с кадастровым № 05:35: 000002:2993, **расположенного** РД, Унцукульский район, вдоль автодороги Унцукуль-Шамилькала, кадастровый квартал № 50:35:000002

_(адрес местонахождения, номер кадастрового квартала)_

**Заказчиком кадастровых работ является**

Магомаев Шамиль Магомедович, документ, удостоверяющий личность: паспорт гражданина РФ серия: 82 03 № 618683 от 30.12.2003г. выдано: РВД Унцукульского района РД,
адрес проживания: РД, Унцукульский район, с. Унцукуль ул. Алигаджи Акушинского, д. 8

_(фамилия, инициалы физического лица)_

контактный телефон: +79637990414

_(или наименование юридического лица, его почтовый адрес и контактный телефон)_

Собрание по поводу согласования местоположения границы земельного участка состоится по адресу: РД, г. Буйнакск, микрорайон «Дружба» стр. 32 «А» 07. 7 2022 г. в 10 часов 30 мин.

С проектом межевого плана земельного участка можно ознакомиться по адресу: РД, г. Буйнакск, микрорайон «Дружба» стр. 32 «А»

Требования о проведении согласования местоположения границ земельных участков на местности принимаются с «01 июля 2022 года по о5 июля 2022 г., обоснованные возражения о местоположении границ земельных участков после ознакомления с проектом межевого плана принимаются с 1 июля 2022 г. по 10 июля 2022 г. по адресу: РД, г. Буйнакск, микрорайон «Дружба» стр. 32 «А»

При проведении согласования местоположения границ при себе необходимо иметь документ, удостоверяющий личность, а также документы о правах (часть 12 статьи 39, часть 2 статьи 40 Федерального закона от 24 июля 2007 г. № 221-ФЗ «О кадастровой деятельности»

**АБДУЛАТИПОВ Т. А.**
**Кадастровый инженер**

Спорт

## Волейболалъул къецал



Араб анкьалда районалда букIана М. ГIабдулатIипов ракIалде щвезавиялъе бихьиназда гьоркьоб волейбол хIаялъул къецал. Гьениб гIахьаллъи гьабуна I0 командаялъ.

Турниралъул аслияб масъала ккола волейбол хIай гIолилазда гьоркьоб машгъур гьаби, районалъул тIаса бищараб волейболалъул командаялъе бажари бугел гIадамал ралагьи, спорталъе шартIал чIезари, гIолилазда гьоркьоб сахаб гIумро гьаби машгъурлъизаби.

Къецал гIуцIараллъун цере рахъана районалъул администрация, гьелъул физкультураялъулгун спорталъул отдел. ХIасилал гьарулаго баянлъана I бакI ЦIатIанихъ росдал командаялъ ккун букIин, 2 бакIалде бачIана районалъул «Имамат» команда, 3 бакIи щвана Рихьуни росдал командаялъе.

Турниралъул командабазе, гIахьаллъаразе ва хIаракатчагIазе кьуна данде кколел даражабазул дипломал, гIарцулал сайгъатал.

## Боксалъул рагьараб турнир



Унсоколо росдал ДЮСШялда букIана Унсоколо районалда боксалъул рахъалъ тIоцевесев тренер В-ГI. ХIажимухIамадовасул хIурматалда бокс хIаялъул турнир. Къецалъул хIурматиял гьалбаллъун рукIана хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъул рахъалъ районалъул бетIерасул зам. М. ХIамзатов, Унсоколо росдал бетIер ХI. ГIабдулаев, росдал имам Д. МухIамадов ва цогидалги.

Спортивиял къецал ана спортсменазда ва тренеразда гьоркьоб гьудуллъи-гьалмагълъи щулалъизабиялъул мурадалда ва бокс машгъур гьабиялъеги. Турниралда гIахьаллъана Унсоколо, Хунзахъ, ЧIарада, Буйнакск, ЦIияб Лак районаздаса спортсменал.

Турнир бухьинабун букIана Халкъазда гьоркьосеб наркотикал тIиритIунгутIиялде данде чIеялъул ва гIолилазул Къоялъул хIурматалда. Гьеб гIуцIараллъун цере рахъана райадминистрация, В-ГI. ХIажимухIамадовасул тарбия щварал: Муслим Мусаев-(районалда бугеб ОВДялъул хIалтIухъан), Шамильхъалаялъул ДЮСШялъул тренер Шамиль МухIамадовги.

## ЦIалдохъаби - журналистазухъ



Гьал къоязда районалъул администрациялда букIана районалъул «Цогояб информационнияб хъулухъалъулги» Шамильхъалаялъул гьоркьохъеб школалъул I0-II классазул цIалдохъабазулги дандчIвай. Гьениб бицен ккана муниципалитеталъул информациялъулаб ишалде гIолеб гIел цIаялъул. Гьедин гIолилазда СМИялъул вакилзабаз бицана бицен гьабулеб бутIаялда хурхун администрациялъ гьабулеб хIалтIул, гIолилазул политикаялде кьолеб бугеб кIвaралъул.

ГIолилал ахIана Дагъистаналда жеги гьечIеб проекталда гьоркьоре лъугьине: районалъул бетIерасул нухмалъиялда гьоркь гьаниб гIуцIизе буго гьайбатаб гIолилазул багъа-бачари, гьелда гьоркьор гIахьаллъизе руго нилъер муниципалитеталъул гIолиладасан вакилзабиги. ЧIахIиял классазул цIалдохъабаз хъвазе руго батIи-батIиял заметкаби, босизе буго интервью, рахъизе руго батIи-батIиял репортажал ва видеороликал, гьезие кумек гьабизе буго хIалбихьи бугел журналистаз.

ГIолилаз кIудияб интерес гьабуна проекталъул. Гьединал дандчIваял рукIана муниципалитеталъул цогидал росабалъги.

<u>Проект хIалтIизе лъугьине буго гIагараб заманалда, хал кквe нижер харбазда хадуб.</u>

## Парковая зона лъуна

Балахьуни парковияб зона лъуна «Формирование комфортной городской среды» проекталъул рамкаялда жаниб. Гьеб гIумроялде бахъинибиялъул мурадалда районалъул Балахьуни росулъ гIумроялде бахъана парковияб зона лъеялъул хIалтIи. Гьал къоязда букIине буго гьеб рагьиялъул хасаб тадбир.

ХIисабалде босизе ккола, цIадал ралеб, гьава-бакъ бугониги нахъаса къотIуларин лъимalазул гьенире рачIунел карачелал,- абун.

Сахлъиялъул рецептал

## Иммунитет щула гьабиялъе

Рак унтудаса сах гьарун хадуб организм рукIалиде ккезабиялъе хIадурила гьадинаб бальзам. Гьелъ кумек гьабула кистаби лъугьараб гIадаб къвакIун чIарал бакIал инаризе, гьединго щула гьабула иммунитет.

БатIа-батIаго хIадуре чистотелалъул, мичIчIил, къоркъол тIанхил, календулаялъул лъинал (цо кIудияб гьуд хурдул цо стакан гьалараб лъимгун. Риидал гьелъие хIалтIизабизе бегьула цIияб хер, хасало – бакъвазабураб). ЦIуй щибаб лъим I00 мл. грамм чистотельгун жубазабе 250 млг. МичIчIил, къоркъотIамхил ва календулаялъул бахъараб лъимгун, тIаде жубай I50 мг. алоэялъул ва колонхоэ сокал. Лъугьараб жубагъубараб жоялъулъ жубазабе цо кг. гьоцIо, 200 мг. спирталъул. Кинабго тIе 3 литр унеб банкаялъубе, зама-заманалдасан жубазабе. Хадуб кинабго цIуй.

Гьединаб бальзам гьекъе 3 нухалъ къойида жаниб, цого заманаялъ, кваналалде 30 минуталъ цебе. ТIоцебе гьеб гьекъараб сордо-къоялдаса хадуб ахиралда гьекъон I5 минут ун хадуб гьекъе рукъалъул гIанкIуялъул белъинабичIеб хоно.

АнцIго къойидасан гьабе 3 къоялъул перерыв. Хадубги курс такрар гьабе, гьедин гьабе дару лъугIизегIан. Дару гьабизе лъикIаб буго ихдал яги хасалихъе.

Гьединаб дару данде кколаро ракI, тIул, ургьисалаби, цицидал квачIа унтаразе, цистит, эпилепсия, психическиял унтаби, бронхабазул астма, хроническиял запорал, жанисеб би чвахxи бугезе.

**ОБЪЯВЛЕНИЕ**

Утерянный аттестат серии Б № 3690256, выданный Шамилькалинский СОШ в июне 2005 г. на имя Гашимовой Зарине Алиасхабовне считать недействительным

Районалъул «Ахихъан» газеталъул хIалтIухъабаз районалъул газеталъул гьудул ХIусейнов МухIамадида ва тIолабго гIагарлъиялда гьваридаб пашманлъиялда зигара балеб буго гьесул яц

**СалихIат**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

Аллагьас гьелъие алжан насиб гьабун батаги, нахъе ругезе сабруги кьеги!

| | | | |
|---|---|---|---|
| **<u>Газета основана 1937 г.</u>**<br>**УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района**<br>**Главный редактор**<br>**КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА** | **Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**<br>**Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.**<br>**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.** | **<u>Адрес редакции:</u>**<br>**51373**<br>**Унцукульский район**<br>**п. Шамилькала**<br>**ул. М. Дахадаева 3**<br>**Телефон редактора**<br>**89896522856**<br>**sadovoduns@yandex.ru**<br>**398940** | Адрес издателя и типографии<br>г. Махачкала<br>«Дом печати» ул. Акушинского 21<br>Подписано в печать - 29. 6. 2022 г. 15. 20<br>фактически -17. 30 мин.<br>.......................................<br>Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках<br>Тираж - 988 экз. |